Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилье,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 24 (6656) 20 май 2019 с. Итни Рамазан 1440 с. Багьа эркенаб

РИКIКIАДАСАБ, ЧИЯРАБ ЧИЯСЕ БАЛАГЬ ГЬЕЧIО

# Иххица араб магIишат

**Горогун бараб чвахунцIадалъ лъугьинабураб иххица росун ана 51 хIайван, 4 машина, 8 мотороллер, зарал ккана нусидаса цIикIкIун минабазе, хвана пихъ**

**2019 соналъул 9-абилеб маялъул бакъанида речIчIараб кутакаб чвахунцIадалъул хIасилалда Бакълъулазул мухъалъул чанго росдае кIудияб ками ккана. Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас данделъи тIобитIана, гьеб тIабигIияб балагьалъ гьабураб заралалъул суал цебе лъун.**

## Комиссиялъул ункъо къокъа

**2019 осналъул 13 маялда районалъул администрациялда тIобитIана горо-цIергун чвахун цIадалъ, кIкIабатIгун иххаз гьабураб заралалъул ва гьеб рукIалиде ккезабиялъул суалгун данделъи.**

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас. Муниципалитеталъе нухмалъулес къокъго бицана тIабигIияб балагьалъул хIасилал лъугIизариялъул бугеб хIалалъул ва Дагъистан Республикаялъул бетIер Владимир Васильевас, МугIрузул улкаялъул районалъул бутIруз, росабазул вакилзабаз гьабураб кумекалъул хIакъалъулъ.

«9 маялда къуватаб чвахун цIадалъ, горо-цIералъ, иххаз Бакълъулазул районалъул чанго росуялъе зарал гьабуна. Гьединаллъун ккола Гъоркь Инхо, ТIад Инхо, Килалъ, ЧIикь, ИчичIали, ЛъаратIа, Ингишо росаби, «Сельсовет “Арадирихский”», «Сельсовет “Игалинский”», «Сельсовет “Мехельтинский”» росабазул поселениял. Бищун цIикIкIун зарал Гъоркь Инхо росдае кьуна.

Бокьун буго баркала загьир гьабизе Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасе, киналго федералияв ва республикаялъулал ведомствабазул нухмалъулезе ва хIалтIухъабазе, къварилъиялде ккаразе хехаб кумек, ахIвал-хIал рукIалиде бачиналъе тадбирал гьарураль ухъ.

Бищун аслияблъун ккола гIадан хвеялъул хIужа ккечIолъи, тIабигIияб балагьалъул хIасилал лъугIизаризе кIола. Бакълъулазул районалъул администрация хIалтIулеб буго федералиял, республикаялъулал органазулгун щулияб бухьен ккун, зарал ккарал гIадамазе компенсация щвеялъе хIажатал документал тIураялда тIад. 12 маялда Дагъистаналъул бетIер Владимир



Васильев, тIабигIияб балагьалъ къварилъи кьураб зоналде вертолеталда воржана ва гьениб бугеб хIал бихьана. 11 маялда районалде бачIана оперативияб къокъа ДРялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул Администрациялъул нухмалъулев Владимир Ивановасул бетIерлъиялда.

Гъоркь Инхор риххарал бакIал, жаниб яшав гьабизе бегьиялда арал минаби руго. Щибаб хъизаналъул масъалаби дагь-дагь ккун тIуразаризе ккола. Республикаялъул бетIерас рахъккуна, чвахун цIадазул лъим гъоркь инхдерил минабахъе кIанцIиларедухъ цояб рахъалде лъим чвахизабиялъул предложениялъул. Гьеб проект гIумруялде бахъинабизе бегьула ДРялъул тIабигIаталъул министерствоялъ.

Щибаб къоялъ къварилъи ккарал росабалъ хIалтIулеб буго районалъул администрациялъул КЧСалъул 4 бригада, щолел руго рукъзабахъе, халгьабулеб буго кигIан зарал ккун бугоян, къабул гьарулел руго гIарзаби, кумек гьабулеб буго компенсация щвеялъе документал хIадуризе», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Федералияб казначействоялъул управлениялъул Гумбеталда бугеб № 19 отделалъул нухмалъулев ТIад Инхоса АхIмад Мансуровасги баркала къуна республикаялъул ва районалъул нухмалъулезе, инхдерие кумек гьабуразе.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас бицана росабалъе газ бачиналъул иналъул ва цогидалги кIвар бугел суалазул. ЦIадал ран МахIачхъала-Кьохъ шагьранухлул 107-абилеб км Гъоркь Инхо ва Кьохъ росабазда гьоркьобакIалда нухде гамачI-ракь ччукIун бачIана 12 маялъул къаси сагIат 9-ялда. «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул техникаялъ сагIатгун бащдалде республикаялъул кIвараЛъул шагьранух бацIцIад гьабуна ва автотранспорт хьвадизе рес щвана. Гьениб хутIун букIараб 30 ялдаса цIикIкIун машина цебехун ана. Хасавюрт-Кьохъ шагьранухлул 48 – абилеб км ХIаримагIарда машинабазул хьвади гьоркьоб къотIун букIана ракь ччукIун. Гьеб нухги рагьизабуна ракь нахъеги хьван. 12 маялда къасимехалъ Гъоркь Инхо – Гьарадирихъ ва Гъоркь Инхо – ЧIикь нухаре рачIана чIахIиял ганчIал. Транспорт хьвадиледухъ чIедерабго нух гьабуна, авария ккелареб хIалалъ гьел нухал жакъа къачIазе руго», - ян абуна нухазул идараялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас.

13 маялда «Гъоркь Инхо» росдал поселениялъул администрациялда бугеб районалъул админстациялъул КЧСалъул штабалде вачIана ДРялъул «Дагестан. Берегозащита» ГКУялъул нухмалъулев Абакар МухIамаев. Гьес хIисабалде босун буго тIабигIияв балагьал гьукъиялъе, гIадамазул сахлъи цIуниялъе тадбирал гьаризе кколеб чанго росдал халгьабизе. Бакъулъ Гьарадирихъ росдада тIаса бугеб къуро лъеца жагъал гьабулеб буго ва росдада тIаде тIун бачIиналъул хIинкъи буго. Гьединго МелъелтIа аслияб школалда тIаде тIезехъин буго кIиго кIудияб гамачI (гирицI). Халгьабизе буго ЛъанлъарибакIалъул, ЧIиркъатIа росдада аскIоб МахIачхъала – Болъихъ нух гIоралъ чурун унеб бакIалъул.

13 маялда районалъул администрациялъул КЧСалъ обходал гьаруна гIадамазул рукъзабахъе, цебе букIараб къадар 30-ялъ цIикIкIана. Гъоркь Инхо зарал кканин гIарза кьуразул къадар 160 чиясде бахана. КIиябго Инхо росабалъ хIалтIулеб буго 4 бригада.

Данделъиялда рехсана зарал ккаразе кумек гьабун къезе районалъул бетIерасул резервалъулаб фондалдаса гIарац батIа гьабиялъул суал. ХIукму гьабуна гIадамазе ханжуялдалъун ва тIоцебесеб хIажалъиялъул кванил нигIматаздалъун кумек гьабизе. Районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз цо къоялъул гIарац къолеб буго. Эргъвендиялда хадубго гьарадирицаги бакIарана 80 азарго гъурущ, мадугьалихъ бугеб росдал гIадамазе кумек гьабун къезе.

Данделъиялъул хIасилал гьарун, районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас, киналго ахIана цадахъ рекъон хIалтIизе, тIабигIияб балагьалъул хIасилал лъугIизариялъе ва граждаказул цогидалги масъалаби тIуразариялъе гIоло.

## Зарал борциналъул суал

Дагъистан Республикаялъул бетIер Владимир Васильевасул тIадкъаялда рекъон, 11 маялда Бакълъулазул районалде бачIана оперативияб къокъа, ДРялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул Администрациялъул нухмалъулев Владимир Ивановасул бетIерлъиялда.

(Ахир - 3 - аб. гьумералда)

## Кьураби тIезе рес руго...

НОМЕРАЛДА РУГО:




**«Хвел гьечIеб полк» акция, чуял риччай, торгIо хIай…**

-2 гьум.



**Волонтераз кIкIабатIалдаса бацIцIад гьабуна Гъоркь Инхоб мажгит**

-2 гьум.



**Сагъриб шагьранухлул рагIалда рагьана мажгитги кIал биччазе кафеги**

-3 гьум.



**ЦIияб Данухъа цIалдохъаби ва мугIалимал зияратазда, музеязда, Бузнаса нух бахъулеб бакIалда**

- 4 гьум.

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ - 74 СОН

# «Хвел гьечIеб полк» акция, чуял риччай, торгIо хIай...

### Бакълъулазул районалда кIодо гьабуна Бергьенлъиялъул къо



**КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тIубаялъул байрам, Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда, рагъда хваразул хIурматалда бараб памятникалда цере тIугьдузул горал лъеялдасан байбихьана. Бергьенлъиялъул къо районалда кIодо гьабуна «Хвел гьечIеб полк» акция, рохалилаб митинг, художественниял коллективазул церерахъин, торгIо хIаялъул турнир, чуял риччай тIоритIун.**

Тадбиралда гIахьаллъана гьединго районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал МухIамад Хъарагишиев, Малик Маликов, муниципалитеталъул администрациялъул аппараталъул, учреждениязул, гIуцIабазул хIалтIухъаби, росабазул бутIрул, рагъухъаби - интернационалистал, цIалдохъаби ва мугIалимзаби, рухIиял, жамгIиял гIуцIабазул ва социалиял идарабазул вакилзаби.

Районалъул нухмалъулес жиндирго къокъабго кIалъаялда бицана КIудияб ВатIанияб рагъда хвараздаса дугIа гьабуна. Рагъулал сонazул кучIдул рикIкIун художественнияб номер бихьизабуна Сахрат МухIамадовасул цIаралда бугеб МелъелтIа аслияб школалъул цIалдохъабаз. Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул хIалтIухъабаз салюталъулал къвагьиял гьаруна Бергьенлъиялъул къоялъул хIурматалда.

Хадуб райцентралъул аслияб байданалда тIобитIана байрамалъул хIурматалда митинг. «Районалъул администрациялъул, районалъул депутатазул Собраниялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула киназдаго Бергьенлъиялъул къо! Гьаб соналъ 74 сон тIубана фашизмалда тIад бергьенлъи босун, Рейхстагалда тIад Бергьенлъиялъул БагIараб байрахъ борхаралдаса. Нилъее гьеб байрам хасаб буго, гьелъ чвахизабула пашманлъиялъулги рохалилги магIу, ракIалде щвезарула нилъее ккарал камиял, къураб зарал. Бакълъулаз рекIелъ цIунила нилъер бахIарчиял рагъухъабазул гьунар, бихьинчилъи, ракIалде щвеял кьела наслабаз наслабахъе, баркала кьела эркенлъиялъе ва чияда бачIольиялъе гIоло фронталда рагъаразе, тылалда хIалтIаразе, гьеб рагъул кьогIлъи хIехьаразе», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

«Рагъул сонazда хIалтIухъабаз ва колхозчагIаз бихьизабураб захIматалъулаб хIаракатчилъиялъулги дагьаб кIвар гуреб букIараб бергьенлъи щвеялъе. Гьел къуркьичIо захIмалъабазе. Жигаралда гIахьаллъана БагIараб армиялъе ва гьелъул рагъухъабазе кумек гьабиялъулъ. Рагъул сонazда фронтовиказе битIизе хинаб ретIел-хьит данде гьабуна Бакълъулазул росабазул гIадамазги. «Кинабго фронталъе – кинабго Бергьенлъиялъе» абураб ахIиялда гъоркь хIалтIана. Жакъа унел руго дагъистаниязул гIумру лъикIлъизабиялде ралагьарал хиса-басиял. Гьелъул хIакъалъулъ кIвар кьун бицунеб буго ДРялъул Халкъияб Собраниялде 2019 соналъул 20 марталда Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасул ХитIабалда. Экстремизмалда, терроризмалда данде къеркьей гьабулеб заманалдаги нилъ цолъизе, кидаго цIодорго, ккаралъуб жаваб кьезе хIадурго рукIине ккола», - ян абуна районалъул бетIерас.

Байрамалда баркиялъулал кIалъаял гьаруна районалъул херазул Советалъул председатель ГIали ГIумархIажиевас, Афгъанистаналда рагъул инвалидазул ва ветераназул ТIолгороссиялъул жамгIияб гIуцIиялъул Гумбеталъул бакIалъулаб отделениялъул нухмалъулев МухIамадрасул Сулаймановас, районалъул бетIерай педиатр Марьям Жанахъаевалъ, МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан Хадижат МухIамадовалъ ва цогидазги.

Маданиялгун халкъиял тадбирал тIоритIулаго церерахъана лъималазул искусствоялъул школалъул «ГьитIинал магIарулал» ансамблялъул кьурдухъаби, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул концерталъулабгун театралияб коллектив ва цогидалги.

9 маялда гIадатлъун лъугьараб Аслудин МухIамадов ракIалде щвеялъул торгIо хIаялъул турнирги тIобитIана. Къецазда тIоцебесеб бакI Гъоркь Инхо росдал командаялъ, кIиабилеб бакI Игьали росдал ва лъабабилеб бакI МелъелтIа росдал командабаз ккуна.

Районалъул администрациялъул рахъалдасан турниралда бергьаразе грамотаби ва гIарцулал сайгъатал кьуна.

Телевышкаялда гIагардегIан чуял риччайги тIобитIана. Районалда гьединго тIоритIана «Хвел гьечIеб полк», «Бергьенлъиялъул чIоло» акциял ва цогидалги тадбирал.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

## Дагъистаналъул муфтияталъул делегация Гъоркь Инхобе бачIана

### Гьел щвана тIабигIияб балагьалъ зиян гьабурал гIадамазухъе

**Дагъистаналъул Муфтияталъул председатель ГIабдула Салимовасул бетIерлъиялда, делегация бачIана Гъоркь Инхо росулъе.**



РухIиял церехъаби щвана жидер минаби жаниб яшав гьабиялдаса арал харабазухъе. Минаялъул хважаин АхIмад ХIамзатовас бицана гIумрудул 88 сон базегIан жинда гьадин бараб чвахун цIадги горо-цIерги жеги бихьун букIинчIин. ГIабдула Салимовас гьесде саламалъулал ргIаби рицана Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад Афандил рахъалдасан, абуна тIабигIияб балагьалъул къварилъи хIехьезе хIал ва щулияб сахлъи кьегиян.

Хадур делегациялъул членал – МугIрузул территориалияб округалда Муфтияталъул ихтияр кодосев вакил ХIабиб МухIамадов, гурхIел-рахIмуялъул «Инсан» фондалъул нухмалъулев МухIамадрасул Абакаров, Муфтияталда цере ругел ракълил ва лъайкьеялъул отделазул нухмалъулел МухIамад АрсланпIалиев ва МухIамад Саламов дандчIвана Гъоркь Инхо росдал бетIер МухIамад Ибрагьимовгун. Гьес бицана росулъ гьабулеб бугеб хIалтIул, баркала кьуна гъоркь инхдерие кумек гьабуразе.

ХIалтIулаб сапаралда гьединго гIахьаллъана бакълъулазул районалъул имам Шамил Назиров, Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев нухмалъулев МухIамадрасул МухIамадов ва цогидалги.

**ХIабизат Амагаева**

## Волонтераз кIкIабатIалдаса бацIцIад гьабуна Гъоркь Инхоб мажгит

**14 маялда Бакълъулзул районалъул Гъоркь Инхо росулъе вачIана волонтеразул къокъагун ДРялъул гIолилазул ишазул рахъалъ министр Камил СагIидов.**

Делегациялда дандчIвай гьабуна «Село Нижнее Инхо» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер МухIамад Ибрагьимовас, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Макашариповас ва централъул хIалтIухъабаз. Бицана ккараб къварилъиялъул, камиязул, росулъ тIабигIияб балагьалъул хIасил рукIалиде ккезабиялъе гьабулеб бугеб хIалтIул. Жидер кумекалде хIажатаб бакI - ветераназул ва харабазул рукъзал, гIолилаз хIухьбахъи гьабулел ва цогидалги бакIал ратани, кумекалъе хIадурал рукIин баян гьабуна гьалбадерица.

МухIамад Ибрагьимовас бихьизабуна гьезул кумекалде хIажатаб цIияб мажгит балеб бакI. Гьеб чабахалдаса, кIкIабатIалдаса, рищни-къулалдаса бацIцIад гьабуна 15 волонтерас, Дагъистаналъул добровольцазул багъа-бачариялъул нухмалъулев ТIалхIат МухIамадовас ва районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз. Гьез гьединго кумек гьабуна риххарал минабахъа мебель къватIибе босизе. Гъоркь Инхо росулъ гьарулел хIалтIабазулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас, ГМЦялъул специалист Заур Халидовас, районалъул росабазул гIолилазул гIуцIабазул вакилзабаз.

**ХIабизат Амагаева**

БЕКИЛЕЛДЕ КЪАЙИЛА БЕТIЕР

## Кьурабаз ва гIораз гIадамазе къварилъи гьабунгутIизелъун

### Бакълъулазул районалде вачIана «Дагъистан – берегозащита» идараялъул нухмалъулев

**Чвахун цIадалъ зарал гьабураб Бакълъулазул районалде вачIана цадахъ специалисталгун «Дагъистан – Берегозащита» ГКУялъул нухмалъулев Абакар МухIамаев.**

Гьесда дандчIвай гьабуна ва росабалъе гьесда цадахъ ана районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликов. Гьел щвана росдада тIаде кьуро тIезехъин бугеб Гъоркьа Гьарадирихъ, чIахIиял ганчIал тIун рачIун цIалдохъабазул, мугIалимазул, гьединго нухдасан хьвадулезул гIумруялъе хIинкъи бугеб, МелъелтIа аслияб школалда тIадехун кьуро бугеб бакIалде. Абакар МухIамаевас халгьабуна Гъоркь Инхо росдал гIадамазул рукъзабахъе иххил лъим кIанцIараб ТIад Инхо школалда аскIоб бакIалде ва рагIи



кьуна иххил лъим цоги рахъалде буссинабизе кумек гьабизе.

Гьединго халгьабуна Лъанлъари росулъе бугеб кьоялъул, ЧIиркъатIа росдада гIагарлъухъ шагьранух лъеца чурун унеб бакIалъул. Абакар МухIамаевас абуна гьел масъалаби ресалда рекъон тIуразе кумек гьабилин.

**ХIабизат Амагаева**

# Иххица араб магIишат

**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)**

Гьеб къокъаялда рукIана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул тIоцевесев заместитель СайгидахIмад АхIмадов, ДРялъул ХIукуматалъул председателасул заместитель Рамазан Жафаров, МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул ихтияр кодосев вакил МухIамад Камилов, гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул (ЧС) рахъалъ министр Нариман КазимухIамадов ва цогидалги.

Гьез халгъабуна горо-цIергун чвахун цIадал ран, иххал рахъун тIабигIияб балагьалъ зарал къурал минабазул, социалиял учреждениязул.

Хадуб ДРялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул Администрациялъул нухмалъулес гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасул нухмалъиялда тIобитIараб гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалдаса цIуниялъул ва зарал рукIалиде ккезабиялъул, цIаялдаса хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул комиссиялъул данделъиялда видеоконференциялда. Данделъиялда Дагъистаналъул бетIерасухъе щвезаруна Бакълъулазул районалда бугеб ахIвал-хIалалъул, тIабигIияб балагьалъ кьураб зарал рукIалиде ккезабиялъе гьарулел ругел тадбиразул хIакъалъулъ баянал.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас бицана 9 маялда горо-цIергун, къуватаб гьуригун бараб чвахун цIадалъ кIудияб зарал кьун бугин районалъеян.

«Нижер районалъе захIматал гьал къояз, горо-цIергун чвахун цIад бан, кIкIабатI гьорлъгун иххал рахъун, муниципалитеталъул росабазе тIабигIияб зарал кьедал, нижер рахъккун гIемераб хIалтIи гьабулеб буго республикаялъул нухмалъулез ва Дагъистаналъул халкъалъ. КIалъаялъул байбихьудаго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула, рагIудалъунги ишаздалъунги тIабигIияб балагьалъул хIасилалда ккараб зарал рукIалиде бачиналъе кумек гьабулел ругезе. Республикаялъул нухмалъи байбихьудасаго жавабчилъигун ралагьулел руго нижер къварилъабазде, киналго ведомствабазда ва хъулухъалъулал идарабазда лъазабун буго тIабигIияб балагьалъул зарал рукIалиде бачиналъе кумек гьабеян», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.



«10 маялда, тIубараб къоялъ республикаялъул министерствабазул, гIуцIабазул вакилзаби хIалтIана тIабигIияб балагьалъ зарал кьурал росабалъ. АнцI-анцI чи кIалъана рахъккквеялъул ва кумекалъул квер бегьизе хIадур рукIиналъул хIакъалъулъ. Баркала буго киназего Гумбеталде лъикIаб бербалагьи, нижер тIалабагьаз, ургъел гьабуралъухъ, тIабигIияб балагьалъул зарал рукIалиде бачине кумек гьабизе хIадур рукIиналъухъ. Горо-цIергун бараб чвахун цIадалъ, кIкIабатI гьорлъгун иххал рахъун зарал кьун буго Гьоркь Инхо, ТIад Инхо, Килалъ, Чикь росабазул поселениязе, шагьранухазе ва цогидаб магIишаталъе. ХIалтIулаб комиссиялъ щибаб цIаракиялда халгъабулеб буго ккараб заралалъул», - ян абуна муниципалитеталъул бетIерас.



Росабалъ цIикIкIараб зарал ккун буго росдал магIишаталъе, гIадамазул минабазе. Нусидаса цIикIкIун мина буго батIи-батIияб роценалъул зарал ккараб, лъим кIанцIана футбол хIалеб байданалде, иххица ана 51 хIайван, жагъал гьабуна мажгит, хвезаруна трансформатор, кIиго бакIалдасан лъим бачарал рогIрал, 1,5 км манзилалда шагьранух.

ЛъаратIа-Ингишо шагьранух 2 км. манзилалда, Ингишо росулъ жанисеб нух хвезабуна, горо-цIералъ пихъил ахазе зарал кьуна, кIиго мина жагьалльана.

Гьебго къоялъ районалъул администрациялда, Владимир Ивановасул нухмалъиялда, тIобитIана активалъул данделъи. Владимир Ивановас жавабиял хIалтIухъабазе тIадкъаял кьуна ккараб заралалъул къадар хехго лъазабиялъе хIалтIи гьабеян.

«Гьоркь Инхо росулъ азбаразда горо-цIералъул гохIазул борхалъи 70 см бахана. Бихьулеб буго гьеб росуялъе тIабигIияб балагьалъ цIикIкIараб зарал гьабун букIин. ГIадамазе кумек гьабиялъе, рахъккквей букIиналъе, захIматаб ахIвал-хIалалдаса гьел порчIиялъе кинабго хIажатабщинаб гьабизе ккола. Россиялъул МЧСалъул Дагъистаналда бугеб ГУялдасан кIола, гIадамазе лъим гIолеб гьечIони, 12 тонна гьекъолеб лъим унеб транспорт бачIинабизе. Росдал гIадамаз лъабго сордо-къоялъ гьалараб яги шушбузда жаниб бугеб лъим гурони хIалтIизабизе бегьуларо. Роспотребнадзоралъул управлениялъ лъел анализ гьабулеб буго. Хадуб баян гьабизе буго гьеб лъим гьекьезе бегьи-бегьунгутIи. Электроканлъи рукIалиде бачана, кванил нигIматал ругел объектазе зарал ккечIо.

Гьарула гьоркьоса къотIичIого гIадамазда гьава-бакъалъул хиса-басиязул баян лъазабеян», - ян абуна Владимир Ивановас.

## ТIабигIияб балагь ккаразе – кумекалъулаб квер

9 маялъ сагIат 18:05 алдаса гIадатияб гуреб ахIвал-хIал лъазабураб Бакълъулазул районалъул гIадамазе дагъистанияз кумек гьабулеб буго. 12 маялда цIикIкIун зарал ккараб Гьоркь Инхо росулъе, Лаваша районалъул бетIер Шамил Дабишевасул хIаракатталдалъун, КамАз машинаялда бачIана шушбузда жанибе тIураб лъим. Роспотребнадзоралъул ДРялда бугеб управлениялъ халгъабулеб буго Гьоркь Инхо росдал гIадамаз пайда босулеб лъел. Гьелъул анализ гьабун лъугIизегIан, инхдерие лъикIаблъун бихьизабун буго гьалараб яги шушбузухъе тIураб лъим хIалтIизабизе. Лъел анализ ва экспертиза гьабизегIан, заманаялъе къан буго «Гьими» ясли-ах. Спортзалалъул тIохалъеги зарал ккана тIабигIияб балагьалъ, гьенибе жанибе цIадал лъим чвахана ва гугарулел ургал, спортивияб къайи ва цогидабги биччана.

Зарал ккаразе финансовияб кумек гьабулеб буго. Эргьвендерица бакIарана 100 азарго гьурущ ва зарал ккаразе бачIана, цIакъго хIажатал ишазе пайда босизе. Гьарадирицаги битIун бачIана 80-азарго гьурущ. Россиялъул МЧСалъул ДРялда бугеб ГУялъул хвасар гьарулез кумек гьабуна рукъзабахъе, азбараздe бачIараб кIкIабатI, горо-цIер, рищникъул нахъе баччизе. Гьоркь Инхо росулъа 140 чияс, ТIад Инхоса 51 чияс гIарза хъвана ккараб заралалъул хIакъалъулъ.

10 маялдаса хIалтIулеб буго, Россиялъул МЧСалъул Дагъистаналда бугеб ГУялъул нухмалъулесул заместитель подполковник Муслим Девришбековасул нухмалъиялда, МЧСалъул оперативияб группа. МЧСалдасан 14 чи ва техникаялъул 4 единица, гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул республикаялъулаб системаялдасан 11 чи ва техникаялъул 3 единица хIалтIулел руго.

Цереккунисел баяназда рекъон, ГIандигIорулъе иххица централияб къотIноса ун буго 4 тIадагъаб автомашина, 8 мотороллер, 50 ялдаса цIикIкIун хIайван.

12 маялда Дагъистан Республикаялъул бетIер Владимир Васильев чвахун цIадалъ зарал кьурал районазда ва росабазда, гьездаго гьоркьоб Гьоркь Инхо росдада тIадги вертолеталда воржана.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас бугеб хIал жиндирго хьараваллъиялде босун буго ва баркала загьир гьабулеб буго къварилъиялде ккарал бакълъулазул ургъалида, тIалабагьазалда ругезе.

«Горо-цIергун чвахун цIадал ран, кIкIабатIгун иххал рахъун зарал ккарал бакълъулазе жиндир заманалъулаб рахъккквей ва кумек щвана республикаялъулаб нухмалъиялдасан. Баркала кьола ДРялъул бетIер Владимир Васильевасе, тIабигIияб балагьалъул зарал рукIалиде ккезабиялде кIвар буссинабуралъухъ. Республикаялъул гьеб иш тIаде кколел министерствабазе ва ведомствабазе районгун хIалтIулел руго. Районалде рачIана ДРялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул администрациялъул нухмалъулев Владимир Иванов, цо-цо министрал ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби. 12 маялда Лаваша районалдаса гьекъолеб лъим, ГIахьвахъ районалдаса лъим баччулеб машина бачIана. Гьел районазул бутIрул Шамил Дабишевасе ва МухIамадзагьид Муслимовасе, цогидал районазул ва росабазул жамагIатазе баркала буго гьабураб кумекалъухъ», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

ТIабигIияб балагьалъул къурбаназе пачалихъалъ зарал бецIизе бугилан абулеб буго хъулухъчагIаз. Заманаялъ бихьизабила кин ккелебали.

**ГIизудинил ХIамзат**

# Сагъриб шагьранухлул рагIалда рагьана мажгитги кIал биччазе кафеги

**Гьал къояз «Сагъри-ЦIияб Аргъвани – МельелтIа» шагьранухда рагьана нухлулазе рукъ, как базе мажгит ва Рамазан моцIалъ кIал биччазе чIобого квен кьолеб кафе.**



Гьел бакIал хIалтIизаризе кьеялъул тадбиралда гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Макашарипов, ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев вакил МухIамадрасул МухIамадов, гьеб проекталъул спонсор МухIамад Шигьабудинов, районалъул имамасул заместитель ГIумархIажи ГIумархIажиев ва цогидалги.

Нухлулазул рукъ, мажгит, кIал биччазе кафе рагьиялда хурхун тIобитIараб мажлисалда кIалъазе рахьана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев, ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев вакил МухIамадрасул МухIамадов, районалъул имамасул заместитель ГIумархIажи ГIумархIажиев, ЦIияб Аргъвани росдал имам Камил Якъубов, Игьали росдал имам ХIамзат МухIамадов, гурхIелрахIмуялъул «Инсан» фондалъул МугIрузул территориалияб округалда нухмалъулев Юнус Темирсултанов ва цогидалги.

МухIамад Хьарагишиевас республикаялъул кIваралъул нухда рарал бакIазул проектазул спонсор МухIамад Шигьабудиновасе кьуна хIурматалъул грамота.

Мажлисалда хадур кIал биччазе гIодор чIана.

**ХIабизат Амагаева**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Об ответственности за нарушение правил проведения публичных мероприятий

**Вопросы проведения массовых публичных мероприятий регулируются Федеральным законом от 19.06.2004 № 54-ФЗ «О собраниях, митингах, демонстрациях, шествиях и пикетированиях» (далее - Закон).**

Под публичным мероприятием Законом понимается открытая, мирная, доступная каждому, проводимая в форме собрания, митинга, демонстрации, шествия или пикетирования либо в различных сочетаниях этих форм акция, осуществляемая по инициативе граждан Российской Федерации, политических партий, других общественных объединений и религиозных объединений. Его целью является свободное выражение и формирование мнений, выдвижение требований по различным вопросам политической, экономической, социальной и культурной жизни страны и вопросам внешней политики или информирование избирателей о своей деятельности при встрече депутата законодательного (представительного) органа государственной власти, депутата представительного органа муниципального образования с избирателями.

На организатора акции возлагается обязанность по подаче уведомления о проведении публичного мероприятия в соответствующий орган исполнительной власти субъекта Российской Федерации (на территории г. Екатеринбурга – в Министерство общественной безопасности Свердловской области).

В случае, если данные уведомления не были предоставлены в указанный орган массовые акции считаются несанкционированными, за их организацию и участие в них граждане подвергаются административной ответственности.

В частности, по статье 20.2 Кодекса об административных правонарушениях Российской Федерации - «Нарушение установленного порядка организации либо проведения собрания, митинга, демонстрации, шествия или пикетирования», по которой в зависимости от обстоятельств совершенного правонарушения предусмотрена административная ответственность от штрафов различного размера до административного ареста.

К примеру, участник несанкционированного массового публичного мероприятия может быть подвергнут административному штрафу в размере от десяти тысяч до двадцати тысяч рублей или обязательным работам на срок до сорока часов (ч. 5 данной статьи).

Более того, участие в несанкционированных собрании, митинге, демонстрации, шествии или пикетировании, которые повлекли создание помех функционированию объектов жизнеобеспечения, транспортной или социальной инфраструктуры, связи, движению пешеходов и (или) транспортных средств либо доступу граждан к жилым помещениям или объектам транспортной или социальной инфраструктуры наказывается, помимо прочего, административным арестом до 15 суток.

За повторные правонарушения законодатель ужесточает наказание уже до 30 суток ареста.

Частью 1.1 данной статьи законодателем установлена ответственность за вовлечение несовершеннолетнего в участие в несанкционированных собраниях, митингах, демонстрациях, шествиях или пикетированиях. Максимальным наказанием за данное правонарушение для физических лиц является административный арест до 15 суток.

Отдельно следует отметить, что в силу ст. 6 Закона участники публичного мероприятия не вправе скрывать своих лиц, иметь при себе оружие, боеприпасы, колющие или режущие предметы, находиться в месте проведения публичного мероприятия в состоянии опьянения. Кроме того, они обязаны соблюдать общественный порядок, регламент проведения публичного мероприятия, а также выполнять все законные требования уполномоченного представителя органа исполнительной власти субъекта Российской Федерации и сотрудников органов внутренних дел.

За неповиновение законному распоряжению или требованию сотрудника полиции статьей 19.3 КоАП РФ предусмотрена ответственность в виде штрафа и/или административного ареста до 15 суток.

Если участники незаконных акций, помимо прочего, нарушают общественный порядок, выражаются нецензурной бранью, уничтожают или повреждают чужое имущество, они также могут быть арестованы на срок до 15 суток (статья 20.1 КоАП РФ).

Более строгая ответственность предусмотрена уголовным законом. Так, за организацию массовых беспорядков, участие в них, а также за призывы к этому виновному грозит лишение свободы на срок до пятнадцати лет с отбыванием наказания в исправительной колонии (статья 212 Уголовного кодекса РФ).

Дополнительно необходимо обратить внимание на тот факт, что привлечение к административной ответственности может нести для гражданина негативные последствия в будущем. Речь не только о том, что в ряде санкций статей КоАП РФ закреплено более строгое наказание за повторное нарушение положений федерального законодательства. Административная, как и уголовная ответственность (как самого лица, так и его ближайших родственников) может рассматриваться работодателем как отрицательная характеристика при приеме на будущую работу, что особенно актуально для граждан, получающих в настоящее время высшее либо средне-специальное образование и готовящихся получить соответствующую профессию.

**Магомед Магомедов, прокурор Гумбетовского района**

# Прокуратура проверила школы на экстремизм

**Прокуратура района изучила на предмет соответствия требованиям федерального законодательства о противодействии терроризму и экстремизму локальные нормативные акты школ, регламентирующих порядок работы школьных библиотек.**

Правой анализ локальных нормативных актов показал, что в отдельных Положениях о библиотеке не содержится прямого запрета на распространение экстремистской литературы, не установлен порядок проведения сверок библиотечного фонда и поступающей литературы с федеральными списками экстремистских материалов.

Это противоречит требованиям ст. ст. 3, 13 Федерального закона «О противодействии экстремистской деятельности». Согласно положениям закона противодействие экстремистской деятельности осуществляется путем принятия профилактических мер, направленных на предупреждение экстремистской деятельности, в том числе на выявление и последующее устранение причин и условий, способствующих осуществлению экстремистской деятельности. Распространение экстремистских материалов, а также их производство или хранение в целях распространения на территории РФ запрещается.

По результатам проведенных проверок прокурором района опротестовано 3 Положения о школьных библиотеках, не соответствующих требованиям законодательства.

**Магомед Магомедов, прокурор Гумбетовского района**

ТАРИХ

# ЦIияб Данухъа цIалдохъаби ва мугIалимал зияратазда, музеязда, Бузнаса нух бахъулеб бакIалда

**ЦIияб Данухъ росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби, тарбия кьеялъул рахъалъ школалъул нухмалъулесул заместитель СагIидбег Акаев, завуч ГIиса ГIисаев, мугIалимал ХIалимат МухIамадова, Рузмай ГьазимухIамадова, гьебго росулъ бугеб маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ХIузаймат Багьавудинова рачIун рукIана Бакълъулазул районалъул маданиябгун сахгьариялъул комплексалда бугеб музеялде.**

Районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас гьалбадерида рихьизаруна музеялда ругел гIемер батIи-батIиял экспонатал. Умумузул церегосел, гьанжесеб гIелалда лъаларел тIагIалабазул хIакъалъулъ бицана гьес.

СагIидбег Акаевас абуна маданиябъ централъгун цадахъ сапаралъ цIалдохъабиги рачун ине цебеккунго планалде босун букIанин. «МелъелтIе рачIинелде сапаралъ рахъарал щвана Бузнасан халкъияб къагIидаялъ шагьранух бахъулеб бакIалде, ЧIикIаре СагIид-афандиясул,гендерил къварилъухъ ГьазимухIамадил зияратазде. Сапаралъул заманалда ниж ана АхIулгохIда аскIобегIан бараб мемориалияб комплексалде, хадур ЧIиркъатIа бугеб ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб республикаялъулаб музеялъул филиалалде. Гьелъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовас цIалдохъабазда бицана музеялда ругел экспонатазул хIакъалъулъ ва гьезда гIемераб цIияб цIинаб лъана тарихалъул хIакъалъулъ»,-ян абуна СагIидбег Акаеваги, ГIиса ГIисаеваги.

ЦIалдохъабиги мугIалималги гьеб сапаралдаса разиго тIад руссана. Тарбия кьеялъул рахъалъ школалъул нухмалъулесул заместитель СагIидбег Акаевас исанасеб цIалул соналъул планалда рихьизарурал тадбирал гIумрудалде рахьинарулел рукIиналдаги тIадчIей гьабуна. Масала, тIасиял классазул васал МахIачхъалаялде тарихиял бакIазде ун руго мугIалим Сахратула СултанмухIамадовгун ва районалъул гIолилазул централъул хъутабазда росабалъ вугев вакил ГIабдулатIип ГIисаевгун цадахъ. 5,6, 8 классазул цIалдохъабаз, мугIалимал Заира Рапиловагун ва СалихIат ГIабдулхIамидовагун сапар гьабуна Чачан Республикаялъул Грозный шагьаралде.

**Къурмагьиз ХIадисова**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

Общество с ограниченной ответсвенностью «Радуга» (ОГРН 5150506121244, ИНН 0509000243, КПП 050901001, место нахождения: 368934, РД, Гумбетовский район, с. Игали, уведомляет о том, что решением № 1 ООО «Радуга» от 07.05.2019 года принято решение о ликвидации ООО «Радуга». Требования кредиторов могут быть заявлены в течение 2 месяцев с момента опубликования настоящего сообщения по адресу: 368934, РД, Гумбетовский район, с. Игали.

## Продолжается ремонт линий электропередач

**16 мая 2019 года в селе Мехельта Гумбетовского района работники «Гумбетовских районных электрических сетей» проводят работы по ремонту и замене опор линий электропередач и проводов.**

В настоящее время идет работа по замене опор и провода на линии электропередач ВЛ - 10 фидера - 3 от подстанции «Мехельта» до районного центра. Во время проведения ремонтных работ в селе частично отключена электроэнергия.

Ремонт продолжится и в понедельник, электроэнергия также будет отключена, за что организация «Гумбетовские районные электрические сети» приносит свои извинения за предоставленные неудобства.

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторав. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.